# Konsyantizasyon sou kansè nan tete






## Ki sa kansè nan tete ye?

"Selil tete anòmal ki grandi san kontwòl pou tounen yon timè, ki ka gaye si yo pa trete."




*Yon mamografi rapid ka jwenn chanjman anvan ou santi yon b*

## Konnen siy yo (Pa inyore yo)

- Nouvo boul nan tete a oswa anba bra a
- Chanjman nan gwosè oswa fòm
- Ti twou nan po a, woujè, epesman
- Egzeyat oswa doulè nan pwent tete a




## Gid Depistaj (USPSTF 2024)

- Laj 40–74: Mamografi chak 2 zan (risk mwayèn).
- 75+: Prèv yo pa sifi—deside avèk klinisyen ou an.
- Moun ki gen gwo risk (pa egzanp, BRCA, moun ki te deja pran radyasyon nan pwatrin, moun ki te deja pran kansè nan tete): swiv konsèy espesyalis la.



## Fè semèn sa a (3 etap fasil)

1. Tcheke si w kalifye pou depistaj gratis oswa a pri abòdab.
2. Pran yon randevou pou mamografi ou a (li pran anviwon 20 minit).
3. Prezante w avèk kat idantite/asirans si w genyen l—sa pa obligatwa pou kliyan ki kalifye pou NJCEED.

*Eskane kòd QR sa a pou jwenn kote pou fè tès depistaj nan NJ*

## Prevansyon ou ka kòmanse jodi a

1. Rete aktif epi kenbe yon pwa ki an sante
2. Limite alkòl
3. Pa fimen
4. Konnen istwa fanmi ou
5. Mande konsèy jenetik si sa nesesè

LAKAY ACCES SANTE
Empowering Communities
for Health Equity and Social Justice

**Deteksyon bonè sove lavi. Fè tès depistaj—epi raple yon zanmi jodi a.**